

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan maké métode kuasi ékspérimén. Nurutkeun Sugiyono (2012, kc.77) métode kuasi ékspérimén nyaéta métode panalungtikan anu mangrupa hasil mekarkeun tina métode eksperimén murni. Métode kuasi ékspérimén mangrupa métode anu digunakeun ku cara ngayakeun panalungtikan pikeun nempo kalungguhan hubungan kausal antara variabel-variabel anu ditalungtik. Métode kuasi ékspérimén mangrupa bagian tina métode kuantitatif.

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif, lantaran analisis datana ngagunakeun ukuran data kuantitatif, kalayan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén. Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *One-Group pretest-posttest desain* anu dilaksanakeun di kelas VIII. *Pretest* dilaksanakeun saméméh diajar ngagunakeun stratégi *Directed Reading Thinking Activity* pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa, *treatment* dilaksanakeun ku cara ngalarapkeun stratégi *Directed Reading Thinking Activity* dina pangajaran artikel, sedengkeun *posttest* dilaksanakeun sanggeus diajar ngagunakeun stratégi *Directed Reading Thinking Activity* pikeun mikanyaho aya béda tina ngangunakeun stratégi pangajaran. Ieu désain panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap.



Bagan 3.1

Desain Panalungtikan

Désain Panalungtikan

Katerangan:

O1 = *Pretest* atawa kamampuh awal saméméh ngagunakeun stratégi *Directed Reading Thinking Activity*

X = *Treatment* dilaksanakeunana pangajaran ngagunakeun stratégi *Directed Reading Thinking Activity*

O2 = *Posttest* atawa kamampuh ahir peserta didik sanggeus *treatment* (Arikunto, 2013, kc. 124)

3.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII A di SMPN 12 Kota Bandung taun ajaran 2022/2023 anu ngawengku:


Tabél 3.1

Jumlah Siswa Kelas VIII A di SMPN 12 Kota Bandung taun ajaran 2022/2023

Jenis Kelamin	Jumlah Siswa
Lalaki	17
Awéwé	15
Jumlah Sakabéh Siswa: 32	

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur léngkah-léngkah panalungtikan nu baris dilaksanakeun baris dijéntrékeun dina wangun bagan ieu di handap.



Bagan 3.2

Prosedur Panalungtikan

Sangkan leuwih jéntré, prosedur atawa alur panalungtikan baris ditétélakeun di handap.

a. Idéntifikasi masalah

Panalungtik ngaidéntifikasi sababaraha pasualan anu aya dina pangajaran maca pamahaman artikel di kelas VIII A SMPN 12 Bandung.

b. Rumusan masalah

Sanggeus ngaidéntifikasi masalah, panalungtik tuluy ngarumuskeun masalah jadi sababaraha patalékan. Èta patalékan baris dijawab ngaliwatan panalungtikan

Fany Amalia, 2023

STRATÉGI DIRECTED READING THINKING ACTIVITY (DRTA)

DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN ARTIKEL

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

c. Ngumpulkeun data

Panalungtik nyieun instrumén panalungtikan anu bisa dimekarkeun. Tuluy panalungtik ngalakukeun tés kamampuh maca pamahaman siswa saméméh make stratégi *Directed Reading Thinking Activity* jeung tés kamampuh maca pamahaman siswa sanggeus make stratégi *Directed Reading Thinking Activity*.

d. Nganalisis data

Sanggeus ngumpulkeun sakabéh data, panalungtik tuluy ngalakukeun analisis data kalawan make *software* SPSS PASW (*Statistical Product and Service Solution*).

e. Kacindekan

Ieu mangrupa tahap anu pamungkas, nya éta nyindekeun hasil panalungtikan. Hal-hal anu geus dicangking sarta dipedar dina ieu panalungtikan tuluy dicindekeun sangkan bisa leuwih dipikaharti.

3.4 Téhnik Ngumpukeun Data

Dina ieu panalungtikan, téhnik panalungtikan nu dipaké pikeun ngumpulkeun data nyaéta téhnik tés. Téhnik ngumpulkeun data (tés) nu dilaksanakeun saméméh jeung sanggeus uji coba stratégi *Directed Reading Thinking Activity* (DRTA) dina pangajaran artikel. Tés awal (*pretest*) dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa saméméh siswa dibéré *treatment* ngagunakeun stratégi *Directed Reading Thinking Activity* (DRTA). Sedengkeun tés ahir (*posttest*) dilaksanakeun pikeun mikanyaho hasil ahir diajar siswa sanggeus maké stratégi *Directed Reading Thinking Activity* (DRTA).

3.5 Instrumén Panalungtikan

Jenis instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta instrumén tés, anu mangrupa alat ngumpulkeun data anu sifatna ngukur jeung ngahasilkeun data hasil ukur. Tés mangupa runtuyan patalékan atawa latihan sarta alat atawa prosedur nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh maca jeung bakat anu dipiboga ku unggal individu atawa kelompok. (Arikunto, 2013, kc.193). Dina ieu panalungtikan nyaéta

Fany Amalia, 2023

STRATÉGI DIRECTED READING THINKING ACTIVITY (DRTA)

DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN ARTIKEL

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

maca pamahaman artikel siswa anu ngawengku tés kamampuh siswa saméméh maké stratégi *Directed Reading Thinking Activity* (DRTA) jeung tés kamampuh siswa sanggeus maké stratégi *Directed Reading Thinking Activity* (DRTA).

Tés anu diujikeun dina ieu panalungtikan mangrupa soal-soal anu aya patalina jeung pamahaman siswa kana eusi artikel. Lambaran tés dieusian ku siswa nalika ngalaksanakeun uji pamahaman pangajaran maca artikel. Tés pamahaman bacaan ngawengku wacana artikel jeung soal essay nu jumlahna 10 soal. Ieu patalékan-patalékan téh mangrupa fakta-fakta nu spésifik, eusi bacaan, arguméntasi, pikiran utama, sabab-akibat, kosakecap, jeung tata kalimah. Patalékan-patalékan dina ieu instrumén ngawengku aspék: *pengetahuan* (C1), *pemahaman* (C2), *aplikasi* (C3), *analisis* (C4), *sintesis* (C5) jeung *evaluasi* (C6). Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap dituliskeun kisi-kisi tés essay kana eusi bacaan artikel.

Tabél 3.2

Kisi-kisi Tés Pamahaman Bacaan

No.	Jenjang Kesulitan Kognitif	Indikator	Nomer Soal	Skor Soal	Jumlah Skor Soal
1.	C1	Siswa bisa nétélakeun fakta-fakta nu nyampak dina artikel nu dibacana kalawan spésifik	6,7	5	10
2.	C2	Siswa bisa maluruh eusi carita nu aya patalina jeung sabab- akibat tina artikel nu dibacana	4	10	10
3.	C3	Siswa bisa nafsirkeun kacindekan dina artikel nu dibacana.	5	5	5
4.	C4	Siswa bisa nangtukeun pikiran utama kalimah, paragraf, atawa wacana	3,9,10,11	5	20
5.	C5	Siswa bisa méré arguméntasi ngeunaan artikel nu dibacana	2,12,13,14	5	20
6.	C6	Siswa bisa nyieun kalimah tina kecap-kecap anu	8	5	15

Fany Amalia, 2023

STRATÉGI DIRECTED READING THINKING ACTIVITY (DRTA)

DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN ARTIKEL

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

		disadiakeun			
7.	C6	Siswa bisa maluruh eusi carita nu aya patalina jeung sabab- akibat tina artikel nu dibaca	1	10	10
8.	C6	Siswa bisa nyieun kacindekan eusi artikel nu dibaca ngagunakeun basa sorangan	15	10	10
Jumlah Soal : 15					100

Tabél 3.3

Instrumén soal Pretést Posttést

<p>Sangkan leuwih paham kana eusi wacana di luhur, jawab pananya di handap!</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Naha hasil seni budaya urang loba anu diaku ku deungeun? 2. Kasenian naon anu ayeuna geus diajarkeun di sakola-sakola di nagara deungeun? 3. Naon sababna di sakola-sakola di Jawa Barat teu diajarkeun? 4. Naha bet disebut Dogér Kontrak? 5. Kumaha nasib seni Dogér Kontrak ayeuna? 6. Naon sababna seni Dogér Kontrak disurahan negatip? 7. Naon sababna urang Subang geus teu arapaleun deui kana senina sorangan? 8. Jieun kalimah tina kecap-kecap ieu di handap! <ul style="list-style-type: none"> - oncor - tumpur - kalang 9. Sebutkeun poko pikiran anu aya dina unggal alinéa! 10. Tangtukeun mana bagian bubuka, eusi, jeung panutup! 11. Tangtukeun jenis tulisanna, naha narasi, déskripsi, eksposisi, arguméntasi, atawa gabungan tina sababaraha jenis tulisan. Lamun gabungan, sebutkeun naon waé!

Fany Amalia, 2023

STRATÉGI DIRECTED READING THINKING ACTIVITY (DRTA)

DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN ARTIKEL

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

12. Nurutkeun hidep, lamun diantep bakal kumaha nasib kasenian urang téh?
13. Kumaha tanggapan sadérék lamun budaya urang jadi hak milik budaya nagara deungeun?
14. Nurutkeun hidep kumaha carana sangkan kasenian dogér kontrak téh hirup deui di masarakat?
15. Caritakeun deui eusi wacana di luhur maké basa hidep sorangan!

3.6 Téhnik Analisis Data

Analisis data mangrupa kagiatan nu dilakukeun sanggeus kabéh data geus kakumpul. Téhnik analisis data ngagunakeun pamarekan statistik. Tujuan analisis data nya éta pikeun nguji hipotésis sarta ngajawab rumusan masalah nu geus dirumuskeun saacanna. Sababaraha tahap nu digunakeun dina analisis data didéskrripsikeun ieu di handap.

- 1) Data anu diolah nyaéta data anu dikumpulkeun ngaliwatan *pretest* jeung *posttest* anu dilaksanakeun ka siswa kelas VIII A SMPN 12 Bandung.
- 2) Méré peunteun dumasar kana aspék anu geus ditangtukeun. Nu meunteun ieu data nyaéta panalungtik sorangan.

Tabél 3.4
Kritéria Meunteun Maca Pamahaman Artikel

No.	Aspék nu dipeunteun	Indikator	Nomer Soal	Skor Soal	Jumlah Skor Soal
1.	Struktur	Siswa bisa nétélakeun fakta-fakta nu nyampak dina artikel nu dibacana kalawan spésifik	6,7	5	10
		Siswa bisa maluruh eusi carita nu aya patalina jeung sabab- akibat tina artikel nu dibacana	1, 4	10	20
		Siswa bisa nafsirkeun kacindekan dina artikel nu	5	5	5

Fany Amalia, 2023

STRATÉGI DIRECTED READING THINKING ACTIVITY (DRTA)

DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN ARTIKEL

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

		dibacana.			
		Siswa bisa méré arguméntasi ngeunaan artikel nu dibacana	2,12,13,14	5	20
2,	Aspék Basa	Siswa bisa nangtukeun pikiran utama kalimah, paragraf, atawa wacana	3,9,10,11	5	20
		Siswa bisa nyieun kalimah tina kecap-kecap anu disadiakeun	8	5	15
		Siswa bisa nyieun kacindekan eusi artikel nu dibacana ngagunakeun basa sorangan	15	10	10
Jumlah Soal : 15					100

Tabél 3.5
Skala Skor Aspék Maca Pamahaman Artikel

No.	Aspék	Skor	Kriteria
1.	Struktur	1-2	Kurang Pisan : euweuh jawaban anu bener
		3-4	Kurang : saeutik jawaban anu bener, loba anu salah
		5-6	Sedeng : jawaban bener jeung salah kurang leuwih saimbang
		7-8	Hadé : loba jawaban anu bener, saeutik salah
		9-10	Hadé Pisan : euweuh jawaban anu salah
2.	Basa	1-2	Kurang Pisan : euweuh jawaban anu bener
		3-4	Kurang : saeutik jawaban anu bener, loba anu salah
		5-6	Sedeng : jawaban bener jeung salah kurang leuwih saimbang
		7-8	Hadé : loba jawaban anu bener, saeutik salah
		9-10	Hadé Pisan : euweuh jawaban anu salah

(Nurgiantoro, 2014, kc.392) kalayan diropéa nyaluyukeun jeung kabutuhan sarta kondisi siswa

Méré peunteun kana hasil *pretest* jeung *posttest* maca pamahaman artikel siswa ngagunakeun rumus kalayan skor maksimal 100. kalayan ngagunakeun rumus saperti ieu di handap.

$$Peunteun = \frac{\sum Skor\ Kahontal}{\sum Skor\ Maksimal} \times 100$$

Fany Amalia, 2023

STRATÉGI DIRECTED READING THINKING ACTIVITY (DRTA)

DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN ARTIKEL

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Keterangan:
Skor maksimal 100

Tabél 3.6
Rubrik Penilaian Maca Pamahaman Artikel

Katégori	Nilai	Indikator
Hadé Pisan	81 - 100 (A)	Euweuh jawaban anu salah
Hadé	61 – 80 (B)	Loba jawaban anu bener, saeutik salah
Sedeng	41 – 60 (C)	Jawaban bener jeung salah kurang leuwih saimbang
Kurang	21 – 40 (D)	Saeutik jawaban anu bener, loba anu salah
Kurang Pisan	0 – 20 (E)	Euweuh jawaban anu salah

(Diropéa tina Putri, 2019, kc.30)

- 3) Sanggeus menteun, léngkah nu satuluyna nyaéta ngasupkeun data skor *pretest* jeung *posttest* kana ieu tabél di handap.

Tabél 3.7
Format Peunteun

No.	Kamampuh Maca Pamahaman						Σ	Nilai	Katégori
	Struktur			Aspék Basa					
	A	B	C	D	E	F			

Keterangan :

A = Fakta

B = Eusi Bacaan

C = Arguméntasi

D = Pikiran Utama

E = Nyieun Kalimah

F = Kacindekan

Fany Amalia, 2023

STRATÉGI DIRECTED READING THINKING ACTIVITY (DRTA)

DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN ARTIKEL

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.6.1 Uji Sipat Data

Uji data dina ieu panalungtikan nyaéta uji normalitas jeung uji hipotésis. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan dianalisis ku cara ngagunakeun *software SPSS PASW versi 25. Statistical Product and Service Solution (SPSS)* nyaéta hiji program anu sok digunakeun pikeun mantuan panalungtikan nalika prosés ngolah, ngitung jeung nganalisis data sacara statistik. Dina input anu baris dianalisis téh nyaéta hasin pretest kamampuh maca pamahaman artikel saméméh ngalarapkeun stratégi *Directed Reading Thinking Activity* kamampuh maca pamahaman artikel jeung *posttest* kamampuh maca pamahaman artikel sanggeus ngalarapkeun stratégi *Directed Reading Thinking Activity*, sarta indéks gain anu baris dijéntrékeun dina output hasil analisis SPSS.

3.6.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nyaéta uji sipat data anu miboga fungsi pikeun mikanyaho normal henteunna data anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Nurutkeun (Sugiyono, 2014, kc.76) yén hiji data anu ngawangun distribusi normal nalika jumlah data di luhur jeung di handap rata-ratana nyaéta sarua. Kitu ogé, simpangan bakuna. Chen (1968) ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk* nalika sampelna kurang ti 50 ($N < 50$). Nalika data atawa sampelna leuwih ti 50 ($N > 50$), ngagunakeun uji *Kolmogorov-Smirnov*. Dina ieu panalungtikan, uji normalitas baris ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk* kusabab datana aya 32 siswa. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

Ha : distribusi data normal

Ho : distribusi data teu normal

Kritéria pikeun nguji data saperti ieu di handap.

Ha ditarima, lamun nilai sig (siginifikansi) ≥ 0.05

Ho ditolak, lamun nilai sig (signifikansi) ≤ 0.05

Fany Amalia, 2023

STRATÉGI DIRECTED READING THINKING ACTIVITY (DRTA)

DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN ARTIKEL

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.6.1.2 Uji Hipotésis Data

Dina ieu panalungtikan dilakukeun uji hipotésis data pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis. Uji hipotésis dina ieu panalungtikan ngagunakeun *software Statistical Product and Service Soution (SPSS) PASW versi 25*. Saupama hasil data nu uji distribusina normal, ku kituna éta data téh dina nangtukeun hipotésisna ngagunakeun *statistic paramétris* kalawan ngagunakeun *t-test*. Sedengkeun saupama data anu diuji teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun hipotésis non-paramétris kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pair test*. Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun pikeun uji hipotésis kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon*, nyaéta saperti ieu di handap.

1. cara pikeun uji *paired sample t-test* nyaéta klik menu *analyze - non parametric test - legacy dialogs - 2 related sample*.
2. Ku kituna, muncul *2 related sample*, saterusna asupkeun *pre-test* kana variable 1 sedengkeun *post-test* kana variable 2.

Rumusan hipotésis panalungtikan dina uji *Shapiro-Wilk*, nyaéta:

Hipotésis dina ieu panalungtikan nyaéta:

a. Hipotésis Alternatif (H_a)

Hipotésis alternatif dina ieu panalungtikan nyaéta aya béda anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman artikel saméméh jeung sanggeus dilarapkeun stratégi pangajaran *Directed Reading Thinking Activity* ka siswa kelas VIII A SMPN 12 Bandung Taun ajar 2022/2023.

b. Hipotésis Nol (H_0)

Hipotésis nol dina ieu panalungtikan nyaéta teu aya béda anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman artikel saméméh jeung sanggeus dilarapkeun stratégi

pangajaran *Directed Reading Thinking Activity* ka siswa kelas VIII A SMPN 12 Bandung Taun ajar 2022/2023.

Ditarima henteunna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

a) Saupama nilai $\text{Sig} \leq 0.05$ hartina H_a ditarima H_o ditolak. Aya béda anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman artikel siswa kelas VIII A SMPN 12 Kota Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun stratégi DRTA.

b) Saupama nilai $\text{Sig} \geq 0.05$ hartina H_o ditarima H_a ditolak. Euweuh béda anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman artikel siswa kelas VIII A SMPN 12 Kota Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun stratégi DRTA.